**दिन–गुरूवार** **दिनांक–19.02.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे भारत ने मात्र नव तकनीकक विकास कऽ रहल अछि, अपितु तेजी सँ अपनाइयो रहल अछि। नव दिल्लीक भारत मंडपम मे इंडिया एआई इम्पैक्ट समिटक औपचारिक उद्घाटन करैत श्री मोदी कहलनि जे भारत विश्व मे सभ सँ पैघ तकनीकी केन्द्र अछि। ओ कहलनि जे ई भारत आ ग्लोबल साउथ लेल गर्वक विषय थीक जे नव दिल्ली मे एआई इम्पैक्ट समिटक आयोजन कयल जा रहल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस सँ मानव इतिहास मे क्रांतिकारी अध्याय जुड़ि रहल अछि। श्री मोदी कहलनि जे मशीन लर्निंग सँ लर्निंग मशीन धरिक यात्रा ने मात्र तेज अछि, अपितु व्यापक सेहो अछि। एहि लेल हमरा लोकनि के व्यापक दूरदृष्टि रखैत गंभीरता सँ जिम्मेदारी निभेबाक चाही। ओ कहलनि जे हमरा ई विमर्श करबाक चाही जे वर्तमान पीढीक संग–संग अगिला पीढ़ी के कोन प्रकारे तकनीक सौंपबाक अछि। श्री मोदी एआई के लोकतंत्रीकरण पर जोर दैत कहलनि जे एकरा विशेष रूप सँ वैश्विक दक्षिण लेल समावेशन आ सशक्तिकरणक साधन बनेबाक चाही।

---

बिहार विधानमंडल मे बजट सत्रक आइ तेरहम दिन कार्यवाही सुचारू रूप सँ चलल। विधानसभा मे आइ प्रश्नकाल अपेक्षाकृत शांतिपूर्ण रहल। राजस्व आ भूमि सुधार विभाग सँ जुड़ल एक प्रश्नक उत्तर दैत उपमुख्यमंत्री सह राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे सुधारक अभियान जारी रहत। ओतहि, शिक्षामंत्री सुनील कुमार सदन मे चर्चा के जबाव दैत कहलनि जे राज्य मे शिक्षकक नियुक्ति मिशन मोड मे कयल जा रहल अछि। चर्चाक बाद ओ शिक्षा विभागक दू अरब चारि करोड़ सात लाख पंचानवे हजारक बजट प्रस्तुत कयलनि जकरा सदन पारित कऽ देलक।

---

विधान परिषदक कार्यवाही आइ हंगामादार रहल। प्रदेश मे कानून–व्यवस्थाक स्थिति आ मैट्रिक छात्राक आत्महत्याक मामिला के लऽकऽ राजद सदस्य लोकनि सदनक बाहर आ भीतर हंगामा तथा प्रदर्शन कयलनि। विधान परिषद मे नेता प्रतिपक्ष राबड़ी देवी कहलनि जे मैट्रिक छात्राक मृत्यु के लऽकऽ राज्य सरकार जिम्मेदार अछि। ओ परीक्षा केन्द्र मे प्रवेश नहि देबऽवला लोक पर कार्रवाई करबाक मांग कयलनि। दोसर दिस ग्रामीण विकास आ परिवहन मंत्री श्रवण कुमार कहलनि अछि जे प्रदेश के डीजे मुक्त बनओल जायत। संगहि, विशेष अभियान चला कऽ ध्वनि प्रदूषण पसारयवला लोकक विरूद्ध नियमक अंतर्गत कठोर कार्रवाई कयल जायत।

————————————————————————

जदयूक वरिष्ठ नेता आ सांसद संजय झा कहलनि अछि जे सोलह मार्च के होबऽवला राज्यसभा चुनाव मे प्रदेशक सभ पांच सीट पर एनडीएक जीत होयत। पटना मे पत्रकार लोकनि सँ गपशप मे ओ कहलनि जे जदयूक दू सीट अछि। एहि उम्मीदवार पर पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष नीतीश कुमार निर्णय करताह।

————————————————————————

पटना उच्च न्यायालय पक्ष आ विपक्षक बेयालीस विधायक के नोटिस जारी कऽ जबाव मांगलक अछि। हिनका सभ पर हाल मे संपन्न भेल विधानसभा चुनाव मे चुनावी हलफनामा मे गलत जनतब देबाक आ चुनाव प्रक्रिया मे अनियमितताक आरोप लागल अछि। एहि मे विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार, ऊर्जा मंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव, राजद विधायक अमरेन्द्र प्रासदक नाम सेहो सम्मिलित छनि।

————————————————————————

प्रदेशक अंतिम हथियारयुक्त माओवादी सुरेश कोडा के मुंगेर मे आत्म सपर्मपणक बाद मुंगेर प्रक्षेत्रक डीआईजी राकेश कुमार कहलनि जे आब बिहार पूर्णरूपेण नक्सल मुक्त भऽ गेल अछि। ओ जनौलनि जे प्रदेशक नक्सल प्रभावित रहल तेईस जिला मे आब कोनो हथियारयुक्त नक्सली दस्ता सक्रिय नहि अछि।

————————————————————————

रमजानक पवित्र मास शुरू भऽ गेल अछि। आइ पहिल रोजा राखल गेल। रमजानक इस्लामी कैलेंडरक नवम् मास आरंभ भऽ गेल अछि आ एहि मासक अंत मे ईद–उल–फितर मनाओल जाइत अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्म खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार रमजानक पवित्र मास शुरू हेबा पर लोक सभ के शुभकामना देलनि अछि। एम्हर, रमजान के लऽकऽ बाजार मे चहल–पहल बढ़ि गेल अछि।

———————————————————————

होली मे यात्री लोकनिक बढ़ैत भीड़ के देखैत रेलवेक मालदा डिविजन जमालपुर–सहरसा–जमालपुरक मध्य विशेष मेमू ट्रेन चलेबाक निर्णय कयलक अछि। ई ट्रेन एक मार्च सँ एकतीस मार्च धरि चलत।

———————————————————————

समाप्त